

All students
can meet high
standards.



Dynamic Learning
Maps alternate
assessments help
parents and educators
establish high
academic expectations
for students with the
most significant
cognitive disabilities.

Enfòmasyon adisyonèl sou DeSSA-Alt ofri atravè sitwèb Kat Aprantisaj Dinamik la: Tanpri vizite <https://dynamiclearningmaps.org/delaware/>.

Si w gen kesyon, tanpri kontakte kowòdonatè edikasyon espesyal lekòl ou an.
nan lekòl/distri ou an.

Evalyasyon Altènatif atravè Kat Aprantisaj Dinamik

Bwochi paran

Evalyasyon nan Delaware pou
etidyan ki gen defisyans koyitif ki
pi konsiderab yo





Enstriksyon ki lye ak Evalyasyon

Atravè ane lekòl la, timoun ou an pral resevwa enstriksyon akademik nan Domèn Atistik Lang Anglè, Matematik ak Syans. Nan prentan, timoun ou an pral teste sou estanda li aprann yo le li itilize Evalyasyon Kat Aprantisaj Dinamik (DLM).

Evalyasyon Altènatif atravè Kat Aprantisaj Dinamik

Sistèm Evalyasyon Altènatif DLM lan sipòte aprantisaj etidyan ak mezire kisa etidyan ki gen defisyans koyitif ki pi konsiderab yo konnen epi yo ka fè. Kat yo ale pi lwen pase pwogrè tradisyonèl pou enkòpore chemen miltip ak Altènatif kote etidyan an ka devlope konesans kontni.

Peryòd evalyasyon nan prentan nan Delaware se 15 Mas, 2021 - 21 Me, 2021

Konsepsyon Evalyasyon

Sistèm DLM konsevwa pou l reprezante aprantisaj etidyan an. Yo ofri evalyasyon yo nan tès ki baze sou estanda kontni Delaware kote chak tès konpoze ak twa (3) jiska nef (9) eleman. Etidyan yo resevwa ant senk (5) ak dis (10) tès, sa depann de matyè ak klas la.

Echantiyon tès disponib nan:

<http://dynamiclearningmaps.org/about/s/releasedtestlets>

Eleman esansyèl

Eleman esansyèl yo se deklarasyon espesifik sou konesans ak konpetans ki lye atant akademik pou etidyan ki gen defisyans koyitif ki pi konsiderab nan kad estanda nivo klas yo. EEs yo endike objektif akademik, pandan kat aprantisaj la klarifye kijan etidyan yo ka atenn estanda ki endike a.

Pou plis enfòmasyon sou EEs, vizite:

<http://dynamiclearningmaps.org/about/model/essential-elements.s.org/delaware/>.

Rezilta Evalyasyon

Rezilta tès sipòte entèpretasyon sou kisa etidyan yo konnen epi yo kapab fè. Sistèm not lan fonksyone diferan konpare ak evalyasyon Altènatif tradisyonèl. Sistèm lan itilize pefomans etidyan an pandan peryòd tès prentan an epi konpare l ak kat aprantisaj la pou detemine nivo metriz etidyan an konsenan EEs yo. Pa gen pyès nòt bri, pousantaj, oubyen nòt echèl. Rezilta timoun ou an konplètman konfidansyèl.

Tan Administrasyon Tès

Dire apwoximatif tan pou tès lan ka varye annakò ak matyè, nivo klas, epi bezwen endividyèl chak etidyan. Materyèl ki itilize nan tès ka adapte pou satisfè bezwen timoun ou an. Menmsi tès yo dwe konplete pandan peryòd tès eta nou an, timoun ou an ka fini tès yo sou yon peryòd plizyè jou pandan peryòd sa a. Tan tès antisipe (apwoximatif 5 tès nan chak):

- ELA 70–90 minit
- Matematik 35–60 minit
- Syans 45–135 minit